

KONEKSYON

Yon Bilten Enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

OUT 2018

Bilten 11, NIMEWO 44
SA KI LADAN:

- Bay Grip yon Leson
- Nouvo Pwogram ak Inisyativ
- Nou pare pou Lekòl?

M-DCPS FÈ LISTWA, LI VIN YON DISTRI LEKÒL KI FÈ NÒT A



Pou premye fwa nan istwa Nòt sou Pèfòmans Lekòl nan Florid, M-DCPS reyalize yon nòt "A" atravè tout distri a. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://news.dadeschools.net/cmnc/new/28712>.

N AP KENBE PARAN YO ENFÒME

M-DCPS gen abilite pou komuniké yon fason rapid e efikas avèk paran atravè mesaj otomatik – avèk vwa, mesaj elektwonik, mesaj enstantane (sou aplikasyon mobil Dadeschools la) ak mesaj tèks.

Li nesesè pou paran yo mete enfòmasyon sou kontak yo ajou pou yo ka resevwa mesaj kominotè ak mesaj IJANS ki soti nan Distri a e nan lekòl pitit yo. Asire w ou ENSKRI NON OU pou w ka resevwa mesaj otomatik ki



soti nan lekòl pitit ou e nan Distri a. Lè ou RETIRE NON OU, w ap dekonekte e ou pap ka resevwa nouvèl enpòtan Distri a ak lekòl pitit ou. Ou

ka mete enfòmasyon sou kontak ou yo ajou an pèsòn nan lekòl pitit ou.

DAT AK
ENFÒMASYON
ENPÒTAN

- 3 septanm – Fèt Travay (Labor Day)
- 10 septanm – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
- 19 septanm – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
- 27 septanm – Jou pou Lage Lekòl Segondè Bonè

REYINYON KOMISYON
KONSEY LEKÒL

15 OUT

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

5 SEPTANM

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

6:00 diswa

Dezyèm Odyans sou
Bidjè Publik e Adopson
Bidjè Final 2018-2019
sou Taks sou Pwopriyete
ak Bidjè Anyèl,
Apwobasyon Rapò
Finansye Anyèl
2017-2018, ak
Apwobasyon Rezolisyon
Bidjè Final 2017-2018 yo.

BAY GRIP YON LESON



M-DCPS fè patenarya ankò avèk 'Healthy Schools, LLC' pou ofri elèv ki enskri nan M-DCPS yo vaksen GRATIS pou ane lekòl 2018-2019 la.

Kanpay vaksinasyon "TEACH FLU A LESSON" (BAY GRIP YON LESON) n ap fè ane sa a ap fèt soti 11 septanm rive 11 oktòb. Chak lekòl ap gen yon dat espesifik pou klinik.

Paran/gadyen gen opsyon pou yo bay konsantman yo atravè Pòtal Paran an nan sèvi ak aparèy dijital yo oubyen yo ka ranpli yon fòm konsantman. Paran/Gadyen yo DWE bay konsantman yo si yo vle pitit yo resevwa vaksen grip la.

Paran/Gadyen yo ta dwe kontakte lekòl pitit yo pou detèmine lè y ap ofri vaksen grip la nan lekòl pitit yo.

PLIS PASE SA NOU TE PWOMÈT: NOUVO PWPROGRAM SOLID M-DCPS POU 2018-2019

2018 MAPS



60 NEW SCHOOL CHOICE
Options & Enhancements

Elèv ak anplwaye M-DCPS yo ap kòmanse ane lekòl 2018-2019 la avèk katrevan dis pwogram ak inisyativ solid, dèneye kri nou bati sou objektif Distri a ki se ofri inovasyon nan salklas, rijidite akademik, ak ogmantasyon aksè pou elèv, ansam ak plis efikasite nan operasyon yo. Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho te devwale resamman nouvo pwogram Distri a.

Sipèntandan Carvalho di, "Lekòl Leta Miami-Dade County vin tounen youn nan sistèm lekòl nan gran vil ki ap bay pi gwo pefomans nan peyi a. Nou rive nan

Nou ap ogmante opsyon nan Enfòmatik, Syans Sante, Kuizin, Medya Dijital, ak STEM.

somè sa a nan kenbe yon sèl konsantrasyon ki se amelyore akonplisman elèv pou chak timoun n ap sèvi... Pou n satisfè objektif sa a, chak ane nou pratike yon koutim re-envansyon, ki vin bay nouvo inisyativ oubyen pwogram solid – platfòm lansman pou inovasyon ak amelyorasyon – ki fèt pou amelyore eksperyans ansèyman ak aprantisaj e pou amelyore efikasite."

Objektif nou se ofri chemen kolèj ak karyè ki pral angaje elèv yo nan yon dinamik aprantisaj, pandan n ap prepare yo pou siksè nan edikasyon aprè lekòl segondè, karyè ak lavi. Nou kreye oubyen amelyore swasant opsyon chwa lekòl e nou devwale trant pwodui ak inisyativ ki nouvo oubyen amelyore nan benefis elèv yo, anplwaye yo, paran yo, ak kominate a.

Pou plis enfòmasyon sou nouvo pwogram ak inisyativ M-DCPS yo, vizite

<http://news.dadeschools.net/cmnc/new/28780>

E(LIMINE) – SIGARÈT



SMOKE FREE
INCLUDING ELECTRONIC CIGARETTES

Elèv pa dwe posede e/oubyen itilize pwodui ki gen kèlkeswa kalite pwodui ki gen tabak, ki ilegal, ki sou kontwòl, oubyen ki ka afekte konpòtman yo pandan yo nan etablisman lekòl yo, otobis lekòl, oubyen nan yon evènman lekòl la patwone. Sigarèt elektwonik gen diferan non, tankou 'e-cigs, e-hookahs, mods, ak vapes'. Yo vini sou diferan fòm ak gwosè e yo ka sanble sigarèt regilye, plim, oubyen 'USB'. Majorite sigarèt elektwonik gen nikotin, ki lakoz gwo adiksyon e ki ka andomaje developman sèvo adolesan. Akote nikotin, sigarèt elektwonik ka gen tou sibstans ki danjere, tankou pwodui chimik ki lakoz kansè ak metal lou. Li pa janm twò ta pou w kite. Pou èd gratis, vizite Smokefree.Gov, rele 1-800-Quit-Now, oubyen pale avèk yon adilt ou fè konfyans nan lekòl ou. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://e-cigarettes.surgeongeneral.gov/>

DEJNE: REPA KI PI ENPÒTAN NAN JOUNEN AN

Lekòl Leta Miami-Dade County ofri tout elèv yon dejne GRATIS e nourisan chak maten avan klas kòmanse. Kòm nou konnen, dejne se repa ki pi enpòtan nan jounen an, li bay kò a ak sèvo a enèji, e li ede elèv rete konsantre pandan tout jounen an.

Anpil etid pwouve lè timoun manje dejne sa ede yo amelyore prezans yo, li ede elèv konsantre nan klas e li asire elèv yo rive lekòl alè e pare pou yo aprann. Manje dejne se yon pati enpòtan nan yon bon rejim e pou byennèt an jeneral. Daprè anpil rechèch, moun ki manje dejne pran plis vitamin, mineral ak fib e yo kenbe yon pwa nòmal. Meni dejne lekòl M-DCPS yo satisfè Machasuv




sou Rejim pou Ameriken e li satisfè Degre Rejim ki Rekòmande pou timoun ki nan laj lekòl.

Ou anvi pran yon dejne? Meni dejne lekòl yo gen ladan ze fri, mayi moulen, 'whole wheat toast,' 100%

ji fwi, sereyal ki pa gen anpil sik, fwi fre ak lèt ki pa gen anpil grès. Atik meni espesyal yo gen ladan 'French toast,' biscuit sandwitch ki fèt ak poul, kwasan ak sandwitch ze, avwán ak fwi, 'yogurt,' ak fwi e 'granola parfaits.'

Paran ki toujou ap chèche yon pwogram pou timoun anbazaj oubyen pwogram klas matènèl volontè pou timoun ki gen laj 3 – 4 ane pou ane lekòl 2018-2019 la, ka toujou jwenn plas disponib. Silvouplè kontakte lekòl ki nan katye w oubyen Depatman Pwogram pou Timoun Anbazaj la nan (305) 995-7632.

PREPARE W, ALE, ENSKRI!



www.dadeschools.net

NOU PARE POU LEKÒL?



Nou devlope yon pake enfòmasyon "Back-to-School" (Retou Lekòl) pou ede paran ak elèv fè yon tranzisyon retou lekòl san pwoblèm.

Pake enfòmasyon an gen ladan enfòmasyon sou demand pou enskripsyon ak vaksinasyon, lè lekòl, transpò, dat enpòtan, ak sekirite lekòl.

Fammi ka jwenn enfòmasyon sou diferan pwogram akademik, opsyon diplòm, swen anvan e aprè lekòl, egzamen, manje gratis ak nan pri redui, ansanm ak règleman sou edikasyon pitit yo.

Pake enfòmasyon an disponib sou Entènèt ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl Ayisyen nan <http://toolkit.dadeschools.net/>

MEDYA SOSYAL:



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon ajou konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyón Konsèy
Lekòl Miami-Dade
County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipètentandan Lekòl yo

Josh Rios
Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy
Lekòl la

**Se yon Pwodiksyon Biwo
Kominikasyon an**

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisiye Anchèf Kominikasyon